**Dáslepki maǵlıwmatlar**

# 2021– jıldıń yanvar–sentyabr aylarında Qaraqalpaqstan Respublikasınıń awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵı

Dáslepki maǵlıwmatlarǵa kóre, 2021- jıldıń yanvar-sentyabr aylarında awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵı ónim (xızmet)lerdiń ulıwma kólemi 7505,1 mlrd. sumdı yamasa 2020- jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 105,9 %, atap aytqanda, diyqanshılıq hám sharwashılıq, ańshılıq hám bul tarawda kórsetilgen xızmetler – 7039,3 mlrd. sumdı (106,1 %), toǵay xojalıǵında – 289,3 mlrd. sumdı (101,1 %), balıqshılıq xojalıǵında – 176,4 mlrd. sumdı (105,3 %) quradı. Respublika awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵı quramında Qaraqalpaqstan Respublikasınıń úlesi 3,4 % ti quradı.




**7505.1** — **Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵı ónim (xızmet)lerdiń kólemi, mlrd. sum**

| | | |
|---|---|---|
| 01 | 7039,3 | Diyqanshılıq hám sharwashılıq, ańshılıq hám bul tarawda kórsetilgen xızmetler |
| 02 | 289,3 | Toǵay xojalıǵı |
| 03 | 176,4 | Balıqshılıq xojalıǵı |

## Awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵı ónim (xızmet)ler kóleminiń ósim páti




## Awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵı ónim (xızmet)lerdiń ulıwma kóleminiń bólistiriliwi (%)



2021- jıldıń yanvar–sentyabr aylarL juwmaqlarına kóre, awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵı ónim (xızmet)ler ulıwma kóleminiń 93,8 % - dıyqanshılıq hám sharwashılıq, ańshılıq hám usı tarawlarda kórsetilgen xızmetler, 3,9 % - toǵay xojalıǵı, 2,3 % - balıqshılıq xojalıǵı úlesine tuwrı keledi.

## Qala hám rayonlar kesiminde awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵı ónim (xızmet)leriniń kólemi




2021- jıldıń yanvar–sentyabr aylarında, qala hám rayonlar kesiminde awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵı ónim (xızmet)leriniń eń joqarı kólemi Ámiwdárya (1408,7 mlrd. sum) hám Tórtkúl (889,8 mlrd. sum) rayonlarında gúzetildi. Kerisinshe kem kólemge iye aymaqlarǵa Bozataw (141,9 mlrd. sum), Moynaq rayonıları (98,9 mlrd. sum) hám Nókis qalasın (37,6 mlrd. sum) keltirip ótiw múmkin.

Qaraqalpaqstan Respublikası kórsetkishinen (105,9 %) joqarı ósim pátleri Taqıyatas (115,5 %), Ámiwdárya (112,9 %), Xojeli (110,5 %), Qanlikól (109,5 %), Taxtakópir (106,5 %), Ellikqala (106,0 %) rayonlarında gúzetildi. Kegeyli (99,7 %), Moynaq (93,6 %) hám Nókis (91,0 %) rayonlarında bolsa kerisinshe ósim pátleri tómenligi gúzetildi.

## Aymaqlar boyınsha awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵı ónim (xızmet)leriniń ósim páti




## Awıl xojalıǵı ónimleri

2021- jıldıń yanvar-sentyabr aylarında islep shıǵarılǵan awıl xojalıǵı ónimleri kólemi 6948,5 mlrd. sumdı yamasa 2020- jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 105,8 %, atap aytqanda, diyqanshılıq ónimleri 3061,8 mlrd. sumdı (109,2 %), sharwashılıq ónimleri – 3886,6 mlrd. sumdı (103,3 %) quradı.

## Awıl xojalıǵı ónimleri islep shıǵarıw kóleminde dıyqanshılıq hám sharwashılıq ónimleriniń úlesi

44,1 %
Dıyqanshılıq ónimleri



55,9 %
Sharwashılıq ónimleri

### Islep shıǵarılǵan awıl xojalıǵı ónimleri

## kóleminiń aymaqlar kesiminde bólistiriliwi (% te)




## Islep shıǵarılǵan awıl xojalıǵı ónimler kóleminde dıyqanshılıq hám sharwashılıq ónimleriniń úlesi




Xojalıq túrleri boyınsha analizlegende, awıl xojalıǵı ónimleri ulıwma kóleminiń 67,6 % - diyqan (jeke járdemshi) xojalıqlarına, 28,7 % - fermer xojalıqlarına, 3,7 % - awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshı kárxanalar úlesine tuwrı keliwin kóriwimizge boladi.

## Islep shıǵarılǵan awıl xojalıǵı ónimleriniń aymaqlar kesiminde xojalıq túrleri boyınsha bólistiriliwi, (% te)




2021- jıldıń yanvar-sentyabr ayları juwmaǵına kóre islep shıǵarılǵan awıl xojalıǵı ónimleri quramındaǵı fermer xojalıqlarınıń úlesi boyınsha eń joqarı kórsetkish Taqıyatas rayonında (44,9 %), Ámiwdárya rayonında (36,5 %), diyqan (jeke járdemshi) xojalıqlarınıń eń joqarı úlesi Nókis qalasında (98,6 %), awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshı kárxanalardıń eń joqarı úlesi Qanlıkól rayonında (7,0 %) gúzetildi.

Fermer xojalıqlarınıń awıl xojalıǵı ónimi quramındaǵı úlesi boyınsha eń kem kórsetkish Bozataw rayonında (3,6 %), dıyqan (jeke járdemshi) xojalıqlarındaǵı eń kem úlesi Taqıyatas rayonında (54,4 %), awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshı kárxanalardıń eń kem úlesi Bozataw rayonında (0,6 %) gúzetildi.

# Dıyqanshılıq

2021- jıldıń yanvar-sentyabr aylarında islep shıǵarılǵan dıyqanshılıq ónimleriniń kólemi 3061,8 mlrd. sumdı yamasa 2020- jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 109,2 % quradı. Islep shıǵarılǵan awıl xojalıǵı ónimleriniń ulıwma kóleminde dıyqanshılıq ónimleriniń úlesi 44,1 % quradı.

## Dánli eginler

**Kólemi, mıń t.**




**Ósim páti**




**Islep shıǵarılǵan ónimniń xojalıqlar túrleri boyınsha bólistiriliwi**




Fermer xojalıqları

Diyqan (jeke járdemshi) xojalıqları

Awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshı kárxanalar



2021– jıldıń yanvar–sentyabr aylarında hámme túrdegi xojalıqlar tárepinen 166,0 mıń t. dánli eginler (2020– jıldıń yanvar–sentyabr aylarına salıstırǵanda 89,7 % ti quradı) jetistirildi. Dánli eginler jetistiriw boyınsha kórsetkishlerdi xojalıq túrleri boyınsha analiz qılǵanımızda, dánli eginlerdiń ulıwma kóleminiń 75,3 % fermer xojalıqları úlesine tuwrı keliwin kóriwimiz múmkin.



## Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha dánli eginler jetistiriw kólemi, tonna



# Ovoshlar

**Kólemi, mıń t.**




**Ósim páti**




**Islep shıǵarılǵan ónimniń xojalıqlar túrleri boyınsha bólistiriliwi**




- Fermer xojalıqları
- Diyqan (jeke járdemshi) xojalıqları
- Awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshı kárxanalar



2021– jıldıń yanvar–sentyabr aylarında hámme túrdegi xojalıqlar tárepinen 199,4 mıń t. ovosh (2020– jıldıń yanvar–sentyabrına salıstırǵanda 2,9 % ke kóp) islep shıǵarıldı. Ovosh jetistiriw boyınsha kórsetkishlerdi xojalıq túrleri boyınsha analiz qılǵanımızda, ovosh óniminiń ulıwma kóleminiń 70,5 % diyqan (jeke járdemshi) xojalıqları úlesine tuwrı keliwin kóriwimiz múmkin.



## Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha ovosh jetistiriw kólemi, tonna



# Kartoshka

**Kólemi, mıń t.**




**Ósim páti**




**Islep shıǵarılǵan ónimniń xojalıqlar túrleri boyınsha bólistiriliwi**




Fermer xojalıqları

Diyqan (jeke járdemshi) xojalıqları

Awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshı kárxanalar



2021– jıldıń yanvar–sentyabr aylarında hámme túrdegi xojalıqlar tárepinen 55,2 mıń t. kartoshka (2020– jıldıń yanvar–sentyabrına salıstırǵanda 5,2 % ke kóp) islep shıǵarıldı. Kartoshka jetistiriw boyınsha kórsetkishlerdi xojalıq túrleri boyınsha analiz qılǵanımızda, kartoshka óniminiń ulıwma kóleminiń 75,8 % diyqan (jeke járdemshi) xojalıqları úlesine tuwrı keliwin kóriwimiz múmkin.



# Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha kartoshka jetistiriw kólemi, tonna



# Palız

**Kólemi, mıń t.**




**Ósim páti**




**Islep shıǵarılǵan ónimniń xojalıqlar túrleri boyınsha bólistiriliwi**




Fermer xojalıqları

Diyqan (jeke járdemshi) xojalıqları

Awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshı kárxanalar



2021– jıldıń yanvar–sentyabr aylarında barlıq túrdegi xojalıqlar tárepinen 123,4 mıń t. palız (2020– jıldıń yanvar–sentyabrına salıstırǵanda 3,7 % ke kóp) islep shıǵarıldı. Palız jetistiriw boyınsha kórsetkishlerdi xojalıq túrleri boyınsha analiz qılǵanımızda, palız óniminiń ulıwma kóleminiń 51,1 % diyqan (jeke járdemshi) xojalıqları úlesine tuwrı keliwin kóriwimiz múmkin.



## Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha palız jetistiriw kólemi, tonna



# Miyweler

**Kólemi, mıń t.**




**Ósim páti**




**Islep shıǵarılǵan ónimniń xojalıqlar túrleri boyınsha bólistiriliwi**




- Fermer xojalıqları
- Diyqan (jeke járdemshi) xojalıqları
- Awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshı kárxanalar



2021– jıldıń yanvar–sentyabr aylarında hámme túrdegi xojalıqlar tárepinen 37,3 mıń t. miyweler (2020– jıldıń yanvar–sentyabrına salıstırǵanda 2,8 % ke kóp) islep shıǵarıldı. Miyweler jetistiriw boyınsha kórsetkishlerdi xojalıq túrleri boyınsha analiz qılǵanımızda, miyweler óniminiń ulıwma kóleminiń 63,5 % dıyqan (jeke járdemshi) xojalıqları úlesine tuwrı keliwin kóriwimiz múmkin.



## Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha miyweler jetistiriw kólemi, tonna



# Júzim

Kólemi, t.




Ósim páti




**Islep shıǵarılǵan ónimniń xojalıqlar túrleri boyınsha bólistiriliwi**




- Fermer xojalıqları
- Diyqan (jeke járdemshi) xojalıqları
- Awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshı kárxanalar



2021– jıldıń yanvar – sentyabr aylarında hámme túrdegi xojalıqlar tárepinen 5471 t. júzim (2020– jıldıń yanvar –sentyabrına salıstırǵanda 4,2 % ke kóp) islep shıǵarıldı. Júzim jetistiriw boyınsha kórsetkishlerdi xojalıq túrleri boyınsha analiz qılǵanımızda, júzim óniminiń ulıwma kóleminiń 82,1 % ti diyqan (jeke járdemshi) xojalıqları úlesine tuwrı keliwin kóriwimiz múmkin.



## Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha júzim jetistiriw kólemi, tonna



## Sharwashılıq



2021- jıldıń yanvar-sentyabr aylarında sharwashılıq ónimleriniń óndiris kólemi 3886,6 mlrd. sumdı yamasa 2020 - jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 103,3 % quradı. Islep shıǵarılǵan awıl xojalıǵı ónimleriniń ulıwma kóleminde sharwashılıq ónimleriniń úlesi 55,9 % ti quradı.

Sharwashılıq tarawında ishki imkaniyatlardı asırıw boyınsha is-ilájlardıń izbe-iz ámelge asırılıp atırǵanlıǵı, soníń menen birge, olarǵa mámleket tárepinen járdem kórsetip atırǵanlıǵı, sharwa malları bas sanınıń kóbeyiwine, ishki tutınıw bazarın sharwashılıq ónimleri menen támiyinlewge imkán beredi.




2021- jıldıń yanvar-sentyabr aylarında barlıq túrdegi xojalıqlar tárepinen gósh (tiri salmaqta) 77,9 mıń t. (2020– jıldıń yanvar-sentyabrına salıstırǵanda 2,9 % ke kóp), 241,3 mıń t. sút (3,9 % ke kóp), 248,3 mln. dana máyek (4,5 % ke kóp), 82,5 mıń dana qarakól teri

(2,2 % ke kóp), islep shıǵarıldı hám 7299 t. balıq (0,9 % ke kóp) awlanǵan.

## Gósh *(tiri salmaqta)*

**Kólemi, mıń t.**




**Ósim páti**




**Islep shıǵarılǵan ónimniń xojalıqlar túrleri boyınsha bólistiriliwi**




**Fermer xojalıqları**

**Diyqan (jeke járdemshi) xojalıqları**

**Awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshı kárxanalar**



2021- jıldıń yanvar-sentyabr aylarında barlıq túrdegi xojalıqlar tárepinen tiri salmaqta 77,9 mıń t. gósh (2020- jıldıń yanvar-sentyabrına salıstırǵanda 2,9 % ke kóp) islep shıǵarıldı. Gósh islep shıǵarıw kórsetkishleri xojalıq túrleri boyınsha analiz etilgende, gósh islep shıǵarıw ulıwma kóleminen 95,2 % diyqan (jeke járdemshi) xojalıqları úlesine tuwrı kelgenin atap kórsetiw zárúr.



## Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha gósh (tiri salmaqta) jetistiriw kólemi, tonna



# Sút

**Kólemi, mıń t.**




**Ósim páti**




**Islep shığarılğan ónimniń xojalıqlar túrleri boyınsha bólistiriliwi**




- Fermer xojalıqları
- Diyqan (jeke járdemshi) xojalıqları
- Awıl xojalığı menen shuğıllanıwshı kárxanalar



2021– jıldıń yanvar–sentyabr aylarında barlıq túrdegi xojalıqlar tárepinen 241,3 mıń t. sút (2020– jıldıń yanvar–sentyabrına salıstırğanda 3,9 % ğa kóp) islep shığarıldı. Sút islep shığarıw kórsetkishlerin xojalıq túrleri boyınsha analiz etilgende, sút islep shığarıw ulıwma kóleminde 91,2 % dıyqan (jeke járdemshi) xojalıqları úlesine tuwrı keliwin kóriwimiz múmkin.



## Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha islep shıǵarılǵan sút kólemi, tonna



# Máyek

Kólemi, mln. dana




Ósim páti




Islep shıǵarılǵan ónimniń xojalıqlar túrleri boyınsha bólistiriliwi




Fermer xojalıqları

Dıyqan (jeke járdemshi) xojalıqları

Awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshı kárxanalar



2021- jıldıń yanvar-sentyabr aylarında barlıq túrdegi xojalıqlar tárepinen 248,3 mln. dana máyek (2020- jıldıń yanvar-sentyabrına salıstırǵanda 4,5 % ǵa kóp) islep shıǵarıldı. Máyek islep shıǵarıw kórsetkishleri xojalıq túrleri boyınsha analiz etilgende, máyek islep shıǵarıw ulıwma kóleminen 84,6 % diyqan (jeke járdemshi) xojalıqları úlesine tuwrı keldi.



## Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha alınǵan máyek kólemi, mıń dana



# Balıq

**Kólemi, t.**




**Ósim páti**




**Islep shıǵarılǵan ónimniń xojalıqlar túrleri boyınsha bólistiriliwi**




Fermer xojalıqları

Diyqan (jeke járdemshi) xojalıqları

Awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshı kárxanalar



2021- jıldıń yanvar-sentyabr aylarında barlıq túrdegi xojalıqlar tárepinen 7299,0 t. (2020- jıldıń yanvar-sentyabrına salıstırǵanda 0,9 % ǵa kóp) balıq awlanǵan. Awlanǵan balıqlar xojalıq túrleri boyınsha analiz etilgende, awlanǵan balıq ulıwma kóleminen 52,4 % awıl xojalıǵı iskerligin ámelge asırıwshı shólkemler úlesine tuwrı kelgenin atap ótiw múmkin.



## Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha awlanǵan balıq kólemi, tonna



## Sharwa malları hám quslar bas sanı




2021– jıldıń 1-oktyabr jaǵdayına kóre, iri shaxlı qaramallar bas sanı tuwrısındaǵı maǵlıwmatlardı xojalıq túrleri boyınsha analizlesek, iri shaxlı qaramallardıń 5,2 % fermer xojalıqları úlesine, 93,8 % dıyqan (jeke járdemshi) xojalıqlarıǵa, 1,0 % awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshi kárxanalarǵa tuwrı keliwin belgilep ótetin bolsaq, soǵan sáykes túrde qoy hám eshkilerdiń ulıwma bas sanınan 11,3 % fermer xojalıqlarına, 86,8 % dıyqan (jeke járdemshi) xojalıqlarına, 1,9 % awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshi kárxanalarǵa tuwrı keledi, atlar ulıwma bas sanınan 23,9 % fermer xojalıqlarına, 73,4 % dıyqan (jeke járdemshi) xojalıqlarına, 2,7 % awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshi kárxanalarǵa tuwrı keledi sonıń menen birge, quslardıń ulıwma sanınan 6,6 % fermer xojalıqlarıǵa, 87,2 % diyqan (jeke járdemshi) xojalıqlarǵa, 6,2 % awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshi kárxanalarǵa tuwrı keledi.

2021- jıldıń 1-oktyabr jaǵdayına kóre, iri shaxlı qaramallardıń ulıwma bas sanı 1163,7 mıń ǵa jetti. 2020- jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda, barlıq túrdegi xojalıqlarda iri shaxlı qaramallar bas sanı – 46,7 mıńǵa (4,2%) kóbeydi.

## Iri shaxlı qaramallar

**Sanı, mıń bas**




**Ósim páti**




**Bas sannıń xojalıqlar túrleri boyınsha bólistiriliwi**




- Fermer xojalıqları
- Dıyqan (jeke járdemshi) xojalıqları
- Awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshı kárxanalar



2021– jıldıń 1– oktyabr jaǵdayına kóre, iri shaxlı qaramallar bas sanı tuwrısındaǵı maǵlıwmatlar xojalıq túrleri boyınsha analiz etilgende, jámi iri shaxlı qaramallardıń 93,8 % diyqan (jeke járdemshi) xojalıqlarǵa tuwrı keliwi gúzetildi.



## Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha iri shaxlı qaramallardıń ulıwma bas sanı, mıń bas



2021– jıldıń 1– oktyabr jaǵdayına kóre, sıyırlar ulıwma bas sanı 340,4 mıńǵa jetti. 2020– jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda, barlıq túrdegi xojalıqlarda sıyırlar bas sanı – 12,6 mıńǵa (3,8 %) kóbeydi.

## Sıyırlar

**Sanı, miń bas**




**Ósim páti**




**Bas sannıń xojalıqlar túrleri boyınsha bólistiriliwi**




- Fermer xojalıqları
- Diyqan (jeke járdemshi) xojalıqları
- Awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshı kárxanalar



2021– jıldıń 1– oktyabr jaǵdayına kóre, sıyırlar bas sanı tuwrısındaǵı maǵlıwmatlar xojalıq túrleri boyınsha analiz qılǵanımızda, ulıwma sıyırlar sanınıń 92,9 % diyqan (jeke járdemshi) xojalıqlarıǵa tuwrı keliwi gúzetildi.



# Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha sıyırlardıń ulıwma bas sanı, mıń bas



2021– jıldıń 1– oktyabr jaǵdayına kóre, qoy hám eshkilerdiń ulıwma bas sanı 1167,7 mıńǵa jetti. 2020– jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda, barlıq túrdegi xojalıqlarda qoy hám eshkiler bas sanı – 31,4 mıńǵa (2,8 %) kóbeydi.

## Qoy hám eshkiler

**Sanı, mıń bas**




**Ósim páti**




**Bas sannıń xojalıqlar túrleri boyınsha bólistiriliwi**




**Fermer xojalıqları**

**Diyqan (jeke járdemshi) xojalıqları**

**Awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshı kárxanalar**



2021– jıldıń 1– oktyabr jaǵdayına kóre, qoy hám eshkilerdiń bas sanı tuwrısındaǵı maǵlıwmatlar xojalıq túrleri boyınsha analiz qılǵanımızda, ulıwma qoy hám eshkilerdiń 86,8 % diyqan (jeke járdemshi) xojalıqlarına tuwrı kelgenligi gúzetildi.



## Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha qoy hám eshkilerdiń ulıwma bas sanı, mıń bas



2021- jıldıń 1 - oktyabr jaǵdayına kóre, atlardıń ulıwma bas sanı- 26710 basqa jetti. 2020 - jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda, barlıq túrdegi xojalıqlarda atlardıń bas sanı - 947 ge (3,7 %) kóbeydi.

## Atlar

**Sanı, basta**




**Ósim páti**




**Bas sannıń xojalıqlar túrleri boyınsha bólistiriliwi**




Fermer xojalıqları

Diyqan (jeke járdemshi) xojalıqları

Awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshı kárxanalar



2021– jıldıń 1– oktyabr jaǵdayına kóre, atlar bas sanı tuwrısındaǵı maǵlıwmatlar xojalıq túrleri boyınsha analiz qılǵanımızda, ulıwma atlardıń 73,4 % diyqan (jeke járdemshi) xojalıqlarǵa tuwrı keliwi gúzetildi.



## Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha atlardıń ulıwma bas sanı, basta



2021- jıldıń 1- oktyabr jaǵdayına kóre, quslardıń ulıwma bas sanı- 4752,6 mıńǵa jetti. 2020- jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda, barlıq túrdegi xojalıqlarda quslar bas sanı – 153,6 mıńǵa (3,3 %) kóbeydi.

## Quslar

**Sanı, mıń bas**




**Ósim páti**




**Bas sannıń xojalıqlar túrleri boyınsha bólistiriliwi**




- Fermer xojalıqları
- Diyqan (jeke jårdemshi) xojalıqları
- Awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshı kárxanalar



2021– jıldıń 1– oktyabr jaǵdayına kóre, quslar bas sanı tuwrısındaǵı maǵlıwmatlar xojalıq túrleri boyınsha analiz qılǵanımızda, jámi quslardıń 87,2 % diyqan (jeke járdemshi) xojalıqlarıǵa tuwrı keliwi kúzetildi.



## Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha quslardıń ulıwma bas sanı, mıń bas




Awıl xojalıǵı hám ekalogiya statistikasi bólimi

- 61-222-76-07
- 61-224-93-11